



DEVLOPE MENDÈV OU

AVÈK APRANTISAJ ANREJISTRE YO



Aprantisaj Anrejistre selon Nimewo yo



1,500
Apranti
Anrejistre



370+
Esponsò
Otorize



20+
Pwofesyon
nan ations yon
pwogram



16
Laj
minòm



26
Laj mwayen
pou aprantisaj



4
Dire mwayen
yon pwogram

Rete Konekte | Tounen yon esponsò Jodi a!

302-761-8328

apprenticeship@delaware.gov

de.gov/apprenticeship

@DelawareDET

@DelawareDET

@delawaredoldet



Apwopo

Aprantisaj Anrejistre a se yon konbinezon **fòmasyon nan travay (OJT)** ak **fòmasyon nan klas oswa nan yon laboratwa ki gen rapò ak travay la**. **Fòmasyon nan travay (OJT)** fèt anba sipèvizyon yon pwofesyonèl nan metye a (ki bon jan kalifye).

Kòmansè







Ranpli fòmilè aplikasyon pou esponsò a

Telechaje aplikasyon an sou: de.gov/apprenticeship

Pwogram

Pwogram Aprantisaj Anrejistre Delaware a gen ladan metye tradisyonèl yo tankou ekspansyon pwogram aprantisaj nan bagay sa yo: otomobil, gastwonomi, swen pou timoun, teknoloji enfòmasyon, swen sante ak plis ankò.

Avantaj anplwayè

-  **Fòmasyon pèsonalize**
-  **Ogmante konesans**
-  **Plis fidelizasyon anplwaye**
-  **Espas travay pi sekirite**
-  **Rezèv travayè ki gen talan**
-  **Apwòch edikativ pou fòmasyon**

Salè

Apranti Anrejistre yo touche yon salè konpetitif, yon chèk pèman depi premye jou travay la ak yon ogmantasyon pwogresif amezi konpetans yo ap ogmante. Apranti Anrejistre yo resevwa yon salè lè yo kòmansè travay epi resevwa yon ogmantasyon an fonksyon kritè pèfòmans yo. Sa ede rekonpanse ak motive apranti yo amezi y ap pwogrese nan fòmasyon yo.

Wòl antrepriz ak patnè yo

Depatman Travay Delaware (DOL)

Biwo pou Aprantisaj ak Fòmasyon an (OAT)

- Anrejistre pwogram yo nan baz done DOL Etazini, RAPIDS.
- Bay kalifikasyon ki gen renome nasyonal.
- Ankouraje devlopman nouvo pwogram yo atravè maketing ak asistans teknik.
- Asire ke tout pwogram yo bay bon jan kalite fòmasyon epi pwodui travayè kalifye, konpetan.

Sèvis pou biznis

OAT kapab konekte anplwayè yo ak reprezantan yon antrepriz ki vann sèvis an fonksyon konte a pou tout bezwen ki konsènan mendèv ou- tankou afiche travay, evalye kandida, rekòmandasyon, sipò JobLink Delaware ak plis ankò. **Visit de.gov/detbusinessservices.**

Esponsò Otorize (Anplwayè yo)

Anplwayè yo konstwi pwogram aprantisaj la. Yon antrepriz endividyèl oswa plizyè biznis ki souvan sèvi kòm esponsò pou pwogram nan. Esponsò yo fè gwo envestisman pou konstwi ak mete an plas pwogram Aprantisaj yo, bay apranti yo travay, sipèvize devlopman fòmasyon an ak bay apranti yo fòmasyon pratik ak enstriksyon teknik pèsonalize. Kidonk pa kapab gen yon apranti san yon anplwayè, se poutèt sa anplwayè yo jwe yon wòl endispansab nan Pwogram Aprantisaj Anrejistre Delaware yo. Apranti a oswa Esponsò a bay Akò Aprantisaj la nan lokal lekòl pwofesyonèl oswa teknik pou fòmasyon granmoun nan pou anrejistre nan kou yo anile frè yo. Apranti a oswa Esponsò a peye frè enskripsyon an- pri yo varye chak kote yo.

Karakteristik Esponsò yo

- Biznis endividyèl
- Asosyasyon endistri
- Òganization pou jesyon travay
- Antite gouvènmanal
- Òganization kominotè

Edikasyon yo

Lokal lekòl pwofesyonèl Delaware nan Divizyon Fòmasyon pou Granmoun nan bay fòmasyon nan klas ak nan laboratwa.

- New Castle County Vo-Tech: (302) 683-3652
- Polytech: (302) 697-4545
- Sussex Tech: (302) 856-9035

Apranti

Nou atann ke apranti yo pral konplete omwen 144 èdtan aprantisaj nan yon ane epi tou depann de pwogram nan, se yon egzijans pou yo konplete 2000-8000 èdtan travay pandan y ap aprann avèk anplwayè yo. An jeneral, yon apranti travay pandan jounen epi ale lekòl lannwit.

Veteran

Aprantisaj Anrejistre a benefik pou militè ak veteran ki nan transizyon ak anplwayè yo. Pwogram aprantisaj pou sivil yo bay estati avanse oswa lè kredi pou fòmasyon ak eksperyans militè. Nenpòt manm kapab pouswiv yon konpetans ki pa gen rapò avèk fòmasyon oswa

eksperyans militè li. Pou plis enfòmasyon sou Aprantisaj Anrejistre pou veteran an ak manm lame ki aktif yo, vizite **apprenticeship.gov/service-members-and-veterans**.

Rapids

Nan fen ane 2020 an, OAT pral chanje sistèm jesyon enfòmasyon aktyèl li a pou yon platfòm ki pi fasil pou itilize ki rele RAPIDS, se USDOL ki devlope li. Avantaj chanjman pou ale nan RAPIDS la gen ladan:

- Aksè pou esponsò**-pèmèt esponsò yo kontwòle kont yo k ap pèmèt antre enfòmasyon apranti yo, pèmèt anrejistreman alè apranti yo, enfòmasyon ki pi presi, etc.
- Minimize papye**-redui papye ak enfòmasyon sansib epi pi favorab pou anviwònman.

Si ou se yon esponsò aktyèlman, Reprezantan Pwogram Aprantisaj ou a pral kontakte ou epi ede ou navige sou sistèm lan pandan tranzisyon an ap kontinye







Rete enfòm

Jwen dènye nouvèl ak mizajou yo. Anrejistre pou resevwa bilten enfòmasyon trimestriyèl sou de.gov/deapprenticeshipnewsletter pou nouvèl ak mizajou, evènman, detay sou esponsò ak plis toujou!

Resous

- Depatman Travay (DOL) Delaware **dol.delaware.gov**
- Delaware JobLink **de.gov/joblink**
- Sèvis anplwayè yo **de.gov/detbusinessservices**
- Previzyon pou endistri **de.gov/doldetprojections**
- Estatistik Delaware ak mache travay la **lmi.delawareworks.com**

Pwofesyon ki pi popilè pou aprann nan Delaware

-  **Elektrisyen**
-  **Plonbye & Pasè tiyo**
-  **Chofaj, Vantilasyon & Klimatizasyon otomobil**
-  **Chapant**
-  **Travayè nan Konstriksyon**
-  **Auto Technician**